

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Indonesia mangrupa nagara multikultural anu diwangun ku sababaraha ras, agama, suku bangsa, basa, jeung étnis. Kabeungharan kultur nu aya téh diwangun tina kabudayaan-kabudayaan lokal nu aya diunggal wewengkon, salah sahijina di wewengkon Jawa Barat anu mayoritasna étnis Sunda. Dina hirup kumbuhna urang Sunda téh leubeut ku kabudayaan anu masih dipercaya tur diajarkeun sacara turun-tinurun.

Nurtukeun Koentjaraningrat (2009, kc.9) kabudayaan téh asalna tina basa Sansekerta nyaéta *buddhayah*, nu mangrupa wangun jamak tina kecap *buddhi* nu miboga harti “budi” atawa akal”, ku kituna kabudayaan bisa dihartikeun “hal-hal anu patali jeung akal sarta budi”. Koentjaraningrat ogé nétélakeun yén anu disebut kabudayaan nyaéta sakabéh gagasan jeung hasil karya manusa anu dihasilkeun ku cara diajar. Nurutkeun Koentjaraningrat aya tujuh unsur kabudayaan, nyaéta: 1) sistem réligi jeung upacara kaagamaan, 2) sistem sosial jeung organisasi, 3) sistem pangaweuh, 4) basa, 5) kasenian, 6) sistem pakasaban, jeung 7) sistem pakakas jeung téhnologi.

Luyu jeung anu ditétélakeun di luhur, dina hirup kumbuhna manusa miboga sistem réligi jeung kapercayaan nu dipercaya jeung dipiara pikeun jadi ciri has dina masarakana. Upacara kaagamaan nu aya téh mangrupa tradisi. Tradisi asal tina basa Walanda nu hartina kabiasaan, adat-istiadat (Danadibrata, 2009, kc. 710). Dina Wikipedia tradisi atawa kabiasaan nyaéta hiji perkara anu dikokolakeun dina waktu nu geus lila jeung geus jadi unsur dina kahirupan dina kelompok masarakatna, biasana di hiji nagara, kabudayaan, waktu, atawa agama anu sarua. Dina tradisi perkara anu jadi dadasarna nyaéta, ayana informasi anu diajarkeun ti hiji generasi ka generasi anu saterusna boh sacara tinulis boh sacara lisan, saupama teu diajarkeun bisa ngajadikeun tumpurna tradisi nu aya. Jadi, tradisi nyaéta kabiasaan atawa adat istiadat nu hirup di masarakat dina waktu nu geus lila, tur mangrupa ciri has pikeun ngabédakeun jeung kelompok masarakat anu lian.

Tradisi urang Sunda téh euyeub pisan, salah sahijina dina miara jeung ngolah paré. Paré nu dianggap hiji barang anu penting jeung miboga kalungguhan anu luhur di masarakat Sunda téh patali jeung carita Sulanjana jeung Nyi Pohaci Sang Hyang Sri. Dina carita pantun Sulanjana disebutkeun yén paré téh asalna tina awak Nyi Pohaci, ku kituna loba tradisi nu patali jeung miara paré, ti mimiti melak, miara, panén, jeung ngolah paré. Éta tradisi téh diantarana ayana rangkong, gondang, nyalin, nganyaran, ngalaksa, jrrd. Tradisi miara paré di urang Sunda béda-béda cara jeung ngaranna, gumantung kana kapercayaan nu diajarkeun ku karuhunna. Salah sahiji wewengkon nu masih nyekel pageuh tradisi ngolah paré sacara tradisonal nyaéta di Kampung Kuta jeung Kampung Naga, ku kituna ieu panalungtikan bakal museur kana tradisi ngolah paré saenggeus panén nu aya di ieu kampung adat.

Danadibrata (2009, kc. 719) nétélakeun tutu atawa nutu nyaéta kecap pagawéan nyieun béas dina lisung ku halu; nutu bisa dina luhureun taneuh teuas bisa dina lisung. Nurutkeun Soeganda (1982, kc. 162) nutu paré nu munggaran téh dingaranan netepkeun, biasana dilakonan dina poé katilu atawa katujuh saenggeus paré asup ka leuit atawa nyalikkeun.

Tradisi nutu paré nu diayakeun di Kampung Kuta jeung Kampung Naga téh mangrupa tradisi anu diayakeun saenggeus panén pikeun mapag jeung ngaganti paré heubeul ku paré nu anyar dipanén. Ieu tradisi leubeut ku ajén-inajén nu tangtuna bisa dipaluruh harti simbolna, struktuna, étopédagogina, kajian tradisi lisan, atikan karakter, falsafahna, jrrd. Sangkan leuwih munel panalungtikan tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung di Kampung Naga bakal leuwih museur kana kajian tradisi lisan, atikan karakter, babandingan tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung di Kampung Naga, jeung larapna hasil panalungtikan pikeun bahan ajar basa Sunda di SMA.

Nurutkeun Sibarani (2012, kc. 47) tradisi lisan nyaéta kagiatan budaya tradisonal hiji komunitas anu diwariskeun sacara turun-tumurun kalayan média lisan ti hiji generasi ka generasi satuluna, boh tradisi dina susunan kecap lisan (*verbal*) boh tradisi séjén anu lain lisan (*non verbal*). Wangun tradisi lisan ngawengku téks, ko-téks, jeung kontéks. Téks miboga struktur, ko-téks miboga élémén, jeung kontéks miboga kondisi, anu formulana bisa dipedar tina kajian

tradisi lisan. Sedengkeun eusi tradisi lisan mangrupa ajén atawa norma hasil nyindekkeun tina ma'na, maksud, *peran*, jeung pungsi.

Ajén atawa norma tina tradisi lisan bisa dipaké pikeun ngatur kahirupan sosial anu disebut kearifan lokal nu jadi cicirén komunitasna. Nurutkeun Alwasilah (2009, kc. 51), *kearifan lokal* nyaéta prosés diwangunna, dipakéna, dikokolakeun, jeung diajarkeun sacara turun-tumurun tina élmu pangaweruh. Nurutkeun Sibarani (2012, kc. 133) aya dua jinis kearifan lokal inti (*core local wisdoms*), nyaéta kearifan lokal pikeun kamamuran atawa karaharjaan jeung katingtriman atawa kahadéan.

Ajén-ajén atikan budaya lokal atawa *kearifan lokal* dipiharep bisa tumuwuh jeung diwariskeun ka generasi anu ngora dina kagiatan pangajaran. Pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola boga udagan pikeun ngahudang rasa kareueus kana basa, budaya, jeung sastra Sunda. Hal ieu luyu jeung bahan pangajaran Kurikulum Tingkatan Daérah Muatan Lokal (Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2017, kc. 4), sakuma kaunggel ieu di handap.

*Pembelajaran bahasa dan sastra daerah diharapkan membantu peserta didik mengenal dirinya dan budayanya, mengemukakan gagasan dan perasaan, berpartisipasi dalam masyarakat Jawa Barat, dan menemukan serta menggunakan kemampuan analitis dan imajinatif yang ada dalam dirinya. Pembelajaran bahasa dan sastra daerah diarahkan untuk meningkatkan kemampuan peserta didik untuk berkomunikasi dalam bahasa daerah dengan baik dan benar, baik secara lisan maupun tulis, serta menumbuhkan apresiasi terhadap budaya dan hasil karya sastra daerah.*

Panalungtikan téh diayakeun di Kampung Kuta jeung Kampung Naga nu aya di wewengkon Jawa Barat, lantaran di ieu kampung adat masih nyekel pageuh tali paranti titinggal karuhun. Ieu tradisi téh geus jarang diayakeun di lembur nu séjén, jeung kaayeunakeun ieu tradisi mimiti aya parobahan-parobahan. Panalungtikan ngeunaan tradisi nutu paré utamana nu aya di kampung adat masih jarang, nepi ka kiwari can aya panalungtikan anu husus nalungtik ieu tradisi, dina ayana ukur dipedar saliwat dina artikel atawa warta. Padahal tradisi nutu nu euyeub ku ajén-inajén téh masih hirup jeung diayakeun ku masarakat tradisional. Salian ti éta ieu tradisi lisan téh acan aya nu ngadokuméntasi keun, jadi perlu aya dokuméntasi saacan palaku-palakuna beuki ngurangan.

Panalungtikan tradisi nutu paré di Prodi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda SPs UPI jeung di Prodi Pendidikan Bahasa Daerah S1 UPI acan aya. Tapi, aya panalungtikan ilmiah ngeunaan tradisi mihormat paré ku Yogi Yogaswara Yanuariska (2017) anu judulna Ulikan Struktur jeung Étnopedagogik kana Tradisi Nyalin di Désa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Ajar Bahasan Budaya Sunda di SMA jeung Disertasi Retty Isnendes (2013) dina tilikan tradisi lisan nu judulna Struktur dan Fungsi Upacara Ngalaksa di Rancakalong Kabupaten Sumedang dalam Perspektif Pendidikan Karakter. Sakumaha anu ditataan di luhur, panalungtik ngarasa perlu pikeun nalungtik ngeunaan tradisi nutu paré nu aya di Kampung Kuta jeung Kampung Naga utamana ditilik tina kajian tradisi lisan jeung atikan karakter, babandingan tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung di Kampung Naga anu satuluyna bisa jadi salah sahiji alternatif dina bahan ajar di sakola. Ieu panalungtikan téh dijudulan “Tradisi Nutu Paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga pikeun Bahan Ajar Basa Sunda di SMA (Kajian Tradisi Lisan jeung Ajén Atikan Karakter)”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu dipedar, sangkan leuwih museur ieu masalah panalungtikan diwatesanan ku: 1) tradisi nutu paré di Kampung Kuta disawang tina kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, kontéks, jeung ajén atawa norma), 2) tradisi nutu paré di Kampung Naga disawang tina kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, kontéks, jeung ajén atawa norma), 3) ajén atikan karakter anu jumlahna 18, nu nyampak dina tradisi nutu paré di Kampung Kuta, 4) ajén atikan karakter anu jumlahna 18, nu nyampak dina tradisi nutu paré di Kampung Naga, 5) babandingan tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga disawang tina kajian tradisi lisan jeung ajén atikan karakter, jeung 6) bahan ajar di SMA kelas XII dina materi bahasan tradisi Sunda, anu ngawengku fakta, konsép, jeung prosedur tina tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga disawang tina kajian tradisi lisan jeung ajén atikan karakterna.

Dumasar idéntifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi tradisi nutu paré di Kampung Kuta disawang tina kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, kontéks jeung ajén atawa norma)?
- 2) Kumaha déskripsi tradisi nutu paré di Kampung Naga disawang tina kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, kontéks jeung ajén atawa norma)?
- 3) Ajén atikan karakter naon waé nu nyampak dina tradisi nutu paré di Kampung Kuta?
- 4) Ajén atikan karakter naon waé nu nyampak dina tradisi nutu paré di Kampung Naga?
- 5) Kumaha babandingan tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga disawang tina kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, kontéks jeung ajén atawa norma) jeung ajén atikan karakterna?
- 6) Kumaha larapna tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga, pikeun bahan ajar basa Sunda matéri bahasan tradisi Sunda di SMA kelas XII?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Panalungtikan ieu ngawengku dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, panalungtikan ieu miboga tujuan umum, nyaéta pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga disawang tina kajian tradisi lisan jeung ajén atikan karakter. Data hasil nganalisis tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga, satuluyuna bakal dibandingkeun disawang tina kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, kontéks jeung ajén atawa norma) jeung ajén atikan karakterna. Satuluyuna hasil panalungtikan bisa jadi salah sahiji alternatif bahan ajar basa Sunda di SMA kelas XII kalayan diluyukeun jeung kurikulum 2013 révisi 2017, matéri bahasan tradisi Sunda. Salin ti éta pikeun masarakat bisa jadi alternatif dina numuwuhkeun rasa mikareueus tradisi nu aya disabudeureunna, hususna dina mikahormat kana paré.

### 1.3.2 Tujuan Khusus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) tradisi nutu paré di Kampung Kuta disawang tina kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, kontéks jeung ajén atawa norma);
- 2) tradisi nutu paré di Kampung Naga disawang tina kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, kontéks jeung ajén atawa norma);
- 3) ajén atikan karakter nu nyampak dina tradisi nutu paré di Kampung Kuta;
- 4) ajén atikan karakter nu nyampak dina tradisi nutu paré di Kampung Naga;
- 5) babandingan tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga disawang tina kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, kontéks jeung ajén atawa norma) jeung ajén atikan karakterna; jeung
- 6) tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga dina wangun bahan ajar basa Sunda matéri bahasan tradisi Sunda di SMA kelas XII.

### 1.4 Manfaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh miboga mangpaat tioritis jeung praktis. Pedaran ngeunaan mangpaat tina ieu panalungtikan diébréhkeun sakumaha ieu di handap.

#### 1.4.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan paélmuhan budaya, utamana pikeun aprésiasi tradisi anu bisa dilarapkeun dina pangajaran di sakola. Salian ti éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa nyangking gemblengna prak-prakan, babandingan tradisi nutu paré di dua tempat nu béda, jeung ajén-inajén nu nyangkaruk dina tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga disawang tina kajian tradisi lisan jeungn ajén atikan karakter.

#### 1.4.2 Manfaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) pikeun pangajaran, hasil panalungtikan bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan ajar basa Sunda di SMA kelas XII dina materi bahasan tradisi Sunda luyu jeung kurikulum 2013 hasil révisi 2017;

- 2) pikeun guru, bisa nambahan pangaweruh dina ngamekarkeun bahan ajar, ku cara ngalarapkeun ajén atikan karakter tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga disawang tina kajian tradisi lisan;
- 3) pikeun siswa, hasil panalungtikan bisa jadi pangaweruh dina ngamumulé tradisi nu aya disabudeureunna nepi ka numuwuhkeun rasa mikareueus kana budaya Sunda;
- 4) pikeun masarakat, hasil panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan budaya jeung tradisi urang Sunda, numuwuhkeun kareueus kana budaya Sunda, sarta méré motivasi pikeun ngamumulé tradisi Sunda disabudeureunna, numuwuhkeun rasa mikahormat kana paré; jeung
- 5) pikeun panalungtik, bisa mikanyaho leuwih jero ngeunaan tradisi nu aya disabudeureunna, nambahan pangaweruh dina widang budaya Sunda utamana dina tradisi, jeung numuwuhkeun kareueus kana budaya Sunda.

### **1.5 Sistematika Nyusun Tésis**

Di handap ieu diébréhkeun hasil tina ieu panalungtikan anu disusun dina lima bab.

Bab I mangrupa bubuka, anu eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika nyusun tésis.

Bab II mangrupa kajian pustaka atawa landasan tiori kana masalah anu keur ditalungtik. Eusina nyaéta medar ngeunaan tiori kabudayaan, tiori tradisi, tradisi nutu, kajian tradisi lisan, ajén atikan karakter, babandingan, jeung bahan ajar basa Sunda di SMA. Tuluy dipedar ogé ngeunaan panalungtikan saméméhna nu patali jeung miara paré utamana ngeunaan nutu paré, kajian tradisi lisan, jeung ajén atikan karakter. Salian ti éta, dipedar ogé kalungguhan tiori panalungtik nu dipaké dina ieu panalungtikan jeung raraga mikir dina panalungtikan.

Bab III mangrupa métodeu panalungtikan, anu ngawengku désain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumen panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung analisis data.

Bab IV mangrupa temuan jeung pedaran anu eusina déskripsi tradisi nutu paré di Kampung Kuta kalayan kajian tradisi lisan, déskripsi tradisi nutu paré di

Kampung Naga kalayan kajian tradisi lisan, analisis ajén atikan karakter tina tradisi nutu paré di Kampung Kuta, analisis ajén atikan karakter tina tradisi nutu paré di Kampung Naga, hasil analisis babandingan tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung di Kampung Naga, jeung ngalarapkeun hasil panalungtikan kana bahan ajar basa Sunda di SMA.

Bab V mangrupa kacindekan, jeung rékomendasi. Eusina medar kacindekan tina hasil panalungtikan sarta rékomendasi sangkan bisa méré mangpaat pikeun panalungtikan nu satuluyna.